



Pou Piblikasyon Imedya: 26/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AFIME ANGAJMAN LI POU AVANSE AKSESIBILITE AK
AKSÈ NAN SÈVIS FINANSYE NAN KOMINOTE DEFAVORIZE YO**

***Gid Depatman Sèvis Finansye ap akouraje investisman kontinyèl nan Devlopman
Kominotè ak Enstitisyon ki Gen Misyon Sosyal yo***

***Baze sou rekò Eta a pou elaji aksè ak kapital pou Nouyòkè ki defavorize yo anba
lidèchip Gouvènè a***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a [nouvo gid](#) ki soti nan Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta Nouyòk ki pèmèt bank eta otorize yo resevwa kredi Lwa sou Reyenvestisman nan Kominote (Community Reinvestment Act, CRA) pou prete oswa investi nan Enstitisyon Finansye Devlopman Kominotè (Community Development Financial Institutions, CDFI) — menm si sètifikasyon federal 2024 la ekspire. Aksyon sa a ap ede pwoteje investisman ki esansyèl nan CDFI yo, ki ka sèvi pou elaji aksè ak lojman abòdab, finansman pou ti biznis, ak lòt sèvis enpòtan nan kominote minorite yo.

"Chak Nouyòkè — kèlkeswa kote yo rete — merite aksè ak sèvis finansye ki abòdab ak serye ansanm ak resous yo bezwen pou bati yon lavni ki pi klere," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan Repibliken nan Washington yo ap travay pou febli Enstitisyon Finansye Devlopman Kominotè yo epi retire investisman ki esansyèl pou fanmi k ap travay yo, Nouyòk ap trase pwòp chemen pa li. Nouvo gid Depatman Sèvis Finansye a ranfòse sipò nou pou CDFI yo, ba yo kapasite pou ankouraje kwasans ti biznis, ouvri pòt pou pwopriyetè kay, epi elaji opòtinite nan katye ki twò souvan neglije yo. Lè nou baze sou gwo rekò investisman nou yo epi bay sekirite nan moman ensèten, nou ap avanse ak aksesibilite ak pwosperite pou chak Nouyòkè."

Sirentandan Depatman Sèvis Finansye Eta Nouyòk la, Adrienne A. Harris, te deklare, "CDFI yo nan premye liy pou ede Nouyòkè ki pa reprezante yo jwenn aksè ak kapital ak kredi, ankouraje kwasans ekonomik, ogmante travay, epi bati richès. Depatman an fyè pou kontinye sipòte CDFI yo kòm yon pati nan misyon li pou bati yon sistèm finansye ki pi ekitab pou tout Nouyòkè."

Aksyon jodi a fèt apre yon reyinyon resan kote CDFI yo, Enstitisyon Depo Minorite yo (Minority Depository Institutions, MDI), ak reprezantan ansyen nan pi gwo bank Nouyòk

yo te rankontre pou diskite sou mezi pou ranfòse enstitisyon sa yo epi asire aksè kontinyèl ak kapital pou kominote defavorize yo. Gid sa a klè sou sa, CDFI yo ki gen sètifikasyon Fon CDFI federal yo ekspire ki pa gen rapò ak pwogram oswa misyon yo gen yon chemen pou kontinye resevwa finansman, sa ki ede asire ke ensètitud federal la pa dezestabilize enstitisyon ki baze nan kominote yo. Lè li bay sekirite pou bank ak CDFI yo, Nouyòk ap asire ke antite ki bay prè ki baze sou misyon yo ka kontinye atire epi bay sèvis esansyèl nan katye ki souvan neglije pa enstitisyon finansye tradisyonèl yo.

Anplis aksyon DFS jodi a, Empire State Development te bati yon gwo rekò nan sipòte CDFI yo atravè Nouyòk, akòde prèske 18 milyon dola nan sibvansyon bay CDFI yo pandan senk dènye ane yo. ESD te itilize tou 500 milyon dola nan finansman federal ki te atribye atravè Inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta a pou etabli dis nouvo pwogram aksè kapital ak ekite pou ti biznis, ki gen ladan plizyè ki distribye kapital an patenarya ak CDFI yo. Deja, ESD te repati 35.5 milyon dola bay 16 CDFI atravè Fon Prè Renouvlab pou Ti Biznis 2.0 ak yon lòt 18.2 milyon dola bay 7 patnè CDFI atravè Pwogram Finansman Kontraktè a. Ansanm, efò sa yo te ede plizyè milye Nouyòkè — sitou moun ki pa gen kont bank oswa ki gen sèvis bank limite, ansanm ak ti biznis ak mikwobiznis — louvri kont bank, resevwa asistans teknik, epi jwenn aksè ak kredi abòdab pou bati richès ak establi nan kominote yo.

Nouyòk se kay plis pase 80 CDFI sètifye ak 46 MDI, ki ansanm bay plizyè milya dola nan ipotèk, prè ti biznis, ak pwojè devlopman kominotè ki ankouraje kwasans ekonomik ak enklizyon finansye.

Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Enstitisyon Finansye pou Devlopman Kominotè yo se patnè esansyèl pou asire chak moun nan Nouyòk, kèlkeswa kòd postal yo, gen aksè a kredi ak sèvis finansye ki abòdab. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Empire State Development te investi plizyè dizèn milyon dola pou ranfòse CDFI yo epi ba yo pouvwa pou yo delivre kapital, fòmasyon, ak opòtinite nan kominote bank tradisyonèl yo twò souvan neglije. Aksyon jodi a ranfòse angajman sa a epi li asire ke antite ki bay prè ki baze sou misyon sa yo ka kontinye ede ti biznis yo grandi, fanmi yo bati richès, ak katye yo pwospere."

Senatè Charles Schumer te deklare, "Soti Buffalo rive Albany, Fon CDFI a sèvi pou konstwi nouvo kay, diminye depans lojman, amelyore swen sante, lanse nouvo biznis, epi rebati prensipal lari yo atravè tout Nouyòk. Nouvo direktiv sa a ap ede elaji aksè a sèvis finansye pou tout Nouyòkè, soti nan nouvo fanmi k ap eseye achte premye kay yo rive nan antreprenè k ap lanse ak elaji ti biznis yo. Avèk pwogram tankou sa yo k ap sibi atak akòz rediksyon nan bidjè Trump ap fè yo, li pi enpòtan pase tout tan pou pwoteje investisman ki deja egziste yo epi kontinye ak sipò nan prensipal lari Nouyòk yo ak nan klas mwayèn nan. Mwen rekonesan pou patenarya Gouvènè Hochul nan asire sèvis finansye yo disponib pou tout moun nan Nouyòk."

Senatè Eta James Sanders Jr. te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Kathy Hochul pou inisyativ li nan sipòte Enstitisyon Finansye pou Devlopman Kominotè (CDFI). Nou

bezwen asire CDFI Nouyòk yo an sante epi efikas, paske yo jwe yon wòl esansyèl nan amelyore aksè pou kominote ki pa toujou jwenn sèvis yo merite yo."

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "CDFI yo se pòtay esansyèl pou kominote ki pa toujou jwenn sèvis yo bezwen yo pou grandi, fè tranzisyon ant baryè ekonomik yo ak opòtinite ki, otreman, pa t ap posib anba sistèm bank tradisyonèl yo. Pou 80 CDFI ki deja egziste epi k ap ogmante atravè Eta Nouyòk, chak investisman nan yon CDFI tradui kòm yon investisman pou ankouraje ti biznis yo, pwomouvwa pwopriyete kay, epi ankouraje tout kominote yo pou yo pwospere nan prensipal sistèm ekonomik la."

Manm Asanble, Clyde Vanel, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul ak Depatman Sèvis Finansye a pou travay yo ap fè pou asire investisman ki esansyèl yo kontinye nan kominote nou yo. Enstitisyon Finansye pou Devlopman Kominotè yo esansyèl pou ti biznis yo, pou moun k ap achte premye kay yo, ak pou fanmi ki pa gen ase aksè ak sèvis bank tradisyonèl yo. Direktiv sa a ap bay ekonomi lokal yo estabilite ak sètite yo bezwen pou yo grandi, epi li pral elaji opòtinite pou tout Nouyòkè yo."

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Aksyon DFS sa a asire ke antite ki bay prè ki baze sou misyon nou yo ka kontinye sèvi fanmi yo ak ti biznis ke bank tradisyonèl yo twò souvan neglije. Nan Mohawk Valley, CDFI yo se patnè esansyèl pou moun k ap achte premye kay yo, ti kontraktè yo, ak antreprenè lokal yo. San mezi sa a, CDFI nou yo t ap pèdi aksè ak finansman ki esansyèl, se pa akòz fot pa yo, men akòz ensètite federal la. Mwen apresye efò ajans lan ansanm ak Gouvènè a pou bay estabilite ak jistis, epi pou asire kontinyasyon enstitisyon enpòtan sa yo."

Anons sa a baze sou angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou rann lavi pi abòdab ak pi ekitab, pandan l ap asire Nouyòk kontinye trase wout la nan sipòte enstitisyon finansye ki baze sou misyon yo ansanm ak kominote atravè tout Nouyòk ki konte sou yo.

###

Lèt nouyèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)